

Depatman Edikasyon Etazini  
Ajans pou Dwa Sivil:

---

Pou Pèmèt Tout Moun Jwenn  
Chans Egal pou Bon Kalite  
Edikasyon

Depatman Edikasyon Etazini  
Ajans pou Dwa Sivil  
Washington, DC 20202-1100

**Revizyon septanm 2004**

## **Konsekans lwa sou dwa sivil yo**

Aplikasyon lwa federal sou dwa sivil yo ede fè gwo chanjman nan sistèm edikasyon nan Etazini, epi li amelyore opòtinite nan edikasyon pou plizyè milyon elèv. Gen baryè ki te konn anpeche moun gen libète pou chwazi opòtinite nan edikasyon ak chwazi karyè yo renmen, men anpil nan baryè sa yo tonbe. Kounye a, gen anpil lekòl ki ede elèv ki pa konn pale angle byen yo patisipe aktivman nan pwogram edikatif yo. Grasa asistans ak sèvis siplemantè yo ofri, gen anpil lòt elèv ki andikape ki kapab patisipe nan klas regilye pou edikasyon.

Epitou, genyen Lwa 2001 pou Pa Kite Okenn Elèv Dèyè a (No Child Left Behind Act of 2001) (NCLB ); lwa sa a prevwa bon jan refòm nan pwogram edikasyon federal yo, epi li sipòte misyon Depatman an pou fè tout moun jwenn chans egal nan edikasyon ak pou ankouraje pi bon kalite edikasyon ki posib nan tout peyi a. Lwa NCLB a gen dispozisyon espesyal ladan l ki veye pou tout timoun resevwa bon kalite edikasyon, kèlkeswa ras yo, gwoup etnik yo, kit yo se gason oubyen fi, kèlkeswa andikap yo genyen, oswa kèlkeswa nivo ekonomik yo.

Lwa sou dwa sivil yo ouvri pòt pou antre nan lekòl nou yo, nan saldeklas yo, nan oditoryòm yo, nan teren espò yo, ak nan arèn yo. Kòm rezilta, gen moun nan plizyè kouch sosyal ki reprezante Etazini kounye a, k ap antre nan pòt sa yo, pou yo tounen lidè nan biznis, nan gouvènman, nan syans, nan aktivite atis, ak nan edikasyon. Lwa sou dwa sivil yo, ansanm ak Lwa NCLB a, pral asire ke pòt sa yo rete ouvri pou tout moun.

## **Responsabilite ajans pou dwa sivil la**

Ajans pou Dwa Sivil la (Office for Civil Rights) (OCR), ki fè pati Depatman Edikasyon Etazini a (U.S. Department of Education) (noul rele l "Depatman" an), se yon ajans ki la pou fè aplike lalwa; li gen kòm responsabilite pou fè aplike lwa federal yo pou veye si enstitisyon pou edikasyon ki resevwa asistans finansye yo ap fè diskriminasyon kont moun. OCR fè aplike lwa federal sou dwa sivil ki defann diskriminasyon poutèt ras moun, koulè

po yo, peyi kote moun soti, oswa si yon moun se gason oubyen fi, oswa poutèt yon moun gen andikap oubyen poutèt laj li, nan pwogram ak nan aktivite ki resevwa asistans federal pou finansman nan men Depatman an. Lwa sou dwa sivil yo reprezante yon angajman peyi a pran pou sispann diskriminasyon nan pwogram ak nan aktivite sou edikasyon. Men ki lwa yo ye:

- ❖ Tit 6 nan Lwa sou Dwa Sivil 1964 la (Civil Rights Act of 1964) (ki defann fè diskriminasyon poutèt ras yon moun, koulè po moun nan, oswa poutèt peyi kote li soti a);
- ❖ Tit 9 nan Amanman sou Edikasyon 1972 yo (Education Amendments of 1972) (ki defann fè diskriminasyon paske yon moun se gason oubyen fi);
- ❖ Seksyon 504 nan Lwa 1973 sou Reyabilitasyon an (Rehabilitation Act of 1973) (ki defann fè diskriminasyon paske yon moun andikape);
- ❖ Lwa 1975 sou Diskriminasyon poutèt Laj (Age Discrimination Act of 1975) (ki defann fè diskriminasyon poutèt laj yon moun); epi
- ❖ Tit 2 nan Lwa 1990 sou Ameriken ki Andikape yo (Title II of the Americans with Disabilities Act of 1990) (ki defann enstitisyon piblik ansanm ak distrik lekòl piblik, fakilte ak inivèsite piblik, lekòl pwofesyonèl piblik, ak bibliyotèk piblik, kit enstitisyon sa yo resevwa asistans nan men gouvènman federal, kit yo pa resevwa, pou yo fè diskriminasyon poutèt yon moun andikape).

Epitou, OCR fè aplike Lwa pou Chans Egal pou Boy Scout nan Etazini an (Boy Scouts of America Equal Access Act), ki se yon pati nan Lwa 2001 pou Pa Kite Okenn Elèv Dèyè a. Dapre Lwa pou Chans Egal pou Boy Scout nan Etazini an, okenn lekòl elemantè piblik, ni lekòl segondè piblik, ni ajans Eta oswa ajans lokal ki konn pèmèt youn oubyen plizyè gwoup jenn moun ki sot

deyò oswa òganizasyon kominotè sèvi ak lokal li yo oswa enstalasyon li yo anvan oubyen apre lè lekòl, pa gen dwa refize ba yo chans egal oswa opòtinite pou rankontre oswa pa gen dwa fè diskriminasyon kont okenn gwoup ki afilye ak Boy Scout nan Etazini, ni okenn lòt gwoup ki nan lis asosyasyon patriyotik ki nonmen nan Tit 36 nan Kòd Etazini an (United States Code), ki ta mande sèvi ak lokal oubyen enstalasyon sa yo.

Pifò nan aktivite OCR yo fèt nan biwo pou aplikasyon lalwa ki toutpatou nan peyi a. Nan Washington, D.C., se Biwo Asistan Sekretè pou Dwa Sivil la ki dirije ak kowòdone tout aktivite yo.

### **Lwa yo aplikab pou enstitisyon pou edikasyon yo**

Lwa sou dwa sivil yo aplikab pou pifò enstitisyon pou edikasyon ki nan peyi a, paske pifò nan enstitisyon edikasyon yo resevwa yon fòm asistans finansye nan gouvènman federal la. Sa vle di, lwa sou dwa sivil yo kouvri:

- ❖ prèske 15.000 distrik lekòl;
- ❖ plis pase 4.100 fakilte ak inivèsite;
- ❖ anviwon 5.000 enstitisyon ki bay sètifika ki pi ba pase nivo lisans asosye, tankou sant fòmasyon pou chofè kamyon ak lekòl pou kosmetoloji; epi
- ❖ plilzyè milye lòt antite tankou bibliyotèk, mize, ajans pou reyabilitasyon pwofesyonèl, ak sant koreksyonèl.

### **Lwa yo aplikab pou elèv ak anplwaye**

Lwa sou dwa sivil yo pwoteje anpil etidyan ki ale, oswa ki fè aplikasyon pou ale nan enstitisyon pou edikasyon nou yo, tankou:

- ❖ anviwon 54,3 milyon elèv ki ale nan lekòl elemantè ak segondè yo; epi

- ❖ anviwon 16,4 milyon etidyan ki ale nan fakilte ak inivèsite nou yo.

Gen kèk ka kote lwa yo bay pwoteksyon tou pou moun k ap travay, oubyen k ap chache travay nan enstitisyon pou edikasyon yo.

## **OCR resevwa plent moun nan piblik la pote kont diskriminasyon**

Yon lòt jan enpòtan OCR fè travay li, se nan rezoud plent etidyan, plent paran, ak plent lòt moun pote. Moun oubyen òganizasyon ki pote plent lan pa bezwen se li ki viktim diskriminasyon an, men li kapab pote plent pou yon lòt moun oswa pou yon gwoup. An jeneral, OCR ap pran aksyon sèlman pou plent moun deklare anvan 180 jou pase apre zak diskriminasyon an te fèt, oswa lè plent lan deklare gen yon prensip oswa yon abitud diskriminasyon k ap kontinye.

OCR resevwa anviwon 5.000 plent chak ane. Plent yo konn gen pou wè ak pwoblèm ki pi enpòtan ki afekte chans egal pou moun jwenn bon kalite edikasyon.

Dapre Tit 6 la – sou diskriminasyon poutèt ras, koulè po, oswa peyi kote moun soti – plent yo konn chita sou rezon tankou:

- ❖ sèvi ak klasifikasyon rasyal oswa etnik, ansanm ak sistèm gwoupman selon aptitud;
- ❖ chans pou moun k ap aprann pale angle yo jwenn sèvis nan lòt lang;
- ❖ aksyon disiplinè;
- ❖ prensip pou afektasyon elèv, ki vle di tou, afektasyon nan pwogram pou moun ki gen aptitud oswa talan espesyal;
- ❖ transfè elèv ant distrik yo;
- ❖ desegregasyon nan lekòl;
- ❖ anbete moun poutèt ras yo (arasman rasyal);
- ❖ lojman pou etidyan nan dètwa inivèsite yo; epi

- ❖ bay nòt pou travay etidyan nan lekòl.

Dapre Tit 9 la – sou diskriminasyon paske yon moun se fi oubyen gason – plent yo konn chita sou rezon tankou:

- ❖ arasman seksyèl (fè avans seksyèl);
- ❖ chans egal nan aktivite atletik ant lekòl oswa ant inivèsite;
- ❖ jan yo trete etidyan ki ansent; epi
- ❖ admisyon nan enstitisyon ki pi wo pase klas segondè yo.

Dapre Seksyon 504 ak Tit 2 – sou diskriminasyon poutèt andikap – plent yo konn chita sou rezon tankou:

- ❖ posibilite pou itilize enstalasyon lekòl yo ak patisipe nan pwogram lekòl yo;
- ❖ sèvis edikasyon espesyal yon moun bezwen;
- ❖ evalyasyon ak plasman elèv ki kapab bezwen sèvis edikasyon espesyal;
- ❖ fè klas pou elèv yo nan yon kote ki gen mwens restriksyon ki posib, dapre bezwen yo nan zafè edikasyon;
- ❖ bay elèv ki gen andikap yo sispansyon oubyen mete yo deyò nan lekòl la;
- ❖ ajisteman ak modifikasyon nan zafè akademik; epi
- ❖ asistans oksilyè pou elèv ki gen pwoblèm pou tande, oswa pou sèvi ak men yo, oswa pou pale.

## **Kouman OCR rezoud plent yo**

Objektif prensipal OCR, nan rezoud plent yo, se pou rezoud akizasyon moun fè kont diskriminasyon yo san pèdi tan, avèk jistis, epi yon jan ki kòrèk. OCR dekouvri ke pi bon metòd pou rezoud pwoblèm se lè gen yon tèt ansanm ant elèv yo, paran yo, gwoup kominotè yo, ajans edikasyon nan leta ak nan gouvènman yo, lekòl yo, ak inivèsite yo.

Pou rive rezoud plent yo, OCR sèvi avèk plizyè kalite metòd, ki kapab soti depi nan solisyon senp yo pou rive nan fè ankèt, oubyen negosye akò pou pati yo obsève volontèman.

Se sèlman si OCR rive wè pati yo pa kapab obsève yon akò volontèman, se lè sa a li pral chache solisyon nan pwosedi odisyon administratif, oswa voye dosye a devan Depatman Jistis Etazini an. Metòd fleksib sa a pèmèt OCR:

- ❖ fè medyasyon efikas san pèdi tan, depi yo fenk depoze yon plent;
- ❖ konsantre sou aplikasyon lwa ki kont diskriminasyon yo; epi
- ❖ fè se elèv yo, paran yo, ak reprezantan lekòl yo ki pase anvan tout konsiderasyon nan solisyon plent yo.

## **OCR fè revizyon sou aplikasyon prensip yo**

Dosye ajans yo inisye, ki konn rele nòmalman "revizyon sou aplikasyon prensip" yo, pèmèt OCR konsantre resous ki gen rapò ak pwoblèm nan aplikasyon prensip ki parèt grav, oswa ki nan tout peyi a, oswa ki fenk ap parèt.

Revizyon yo chwazi fè sou aplikasyon prensip yo pèmèt OCR jwenn pi bon rannman ki posib avèk resous li genyen yo, epi revizyon yo pèmèt ekilibre pwogram aplikasyon prensip yo. Revizyon sou aplikasyon prensip yo garanti gwoup moun ki



defavorize yo, tankou moun ki pòv anpil oswa moun ki pa pale angle yo, epi ki gen dwa pa konnen dwa yo, jwenn pwotekyon pou dwa sivil yo. Dapre esperyans OCR, lè gen yon bon jan revizyon sou aplikasyon prensip ki fèt, sa prèske toujou fè ke antite ki resevwa revizyon yo pote chanjman nan aplikasyon prensip yo ak nan pwogram yo, epi sa benefisye anpil elèv – sa ki pa menm avèk lè se moun ki pote plent lan sèlman ki konn benefisye de chanjman ki vin fèt apre yo rezoud plent yo.

OCR konn chwazi nan ki ka li dwe fè revizyon yo dapre plizyè sous enfòmasyon, tankou enfòmasyon ki soti nan sondaj, oswa nan plent moun pote, oswa nan gwoup sou edikasyon, nan medya, ak nan piblik la. OCR konn fè revizyon sou aplikasyon prensip sou kesyon tankou:

- ❖ elèv ki nan gwoup minoritèki nan klas edikasyon espesyal ak ki swiv kou kote pwogram akademik la gen mwens egzijans;
- ❖ mwayen pou moun k ap aprann angle jwenn sèvis nan lòt lang, pou yo kapab benefisye nan pwogram edikasyon ki nan distrik lekòl yo;
- ❖ edikasyon piblik gratis pou elèv ki gen andikap;
- ❖ mwayen pou elèv ki nan gwoup minoritè yo kapab jwenn pou yo patisipe nan klas pou elèv ki gen aptitud espesyal ak talan, ak nan lòt pwogram avanse;
- ❖ pwoblèm yo bay moun poutèt ras yo (arasman rasyal);
- ❖ anviwònman kote ki gen avans seksyèl; epi
- ❖ desegregasyon nan edikasyon siperyè, ansanm ak nan sistèm lekòl elemantè ak segondè yo.

OCR rekonèt ajans gouvènman federal, ajans Eta, ak ajans lokal pou edikasyon yo, menm jan ak paran elèv epi lòt moun ki

enterese nan elèv yo, gen menm objektif la, ki se bay chans egal ak mwayen pou jwenn avantaj nan edikasyon. OCR mete konpetans li ansanm ak konpetans patnè ak asosye sa yo pou rive jwenn solisyon ki efikas, tankou aksyon ki favorize edikasyon epi ki pèmèt tout elèv yo jwenn pi bon opòtinite.

### **Asistans teknik OCR ede moun ak enstitisyon**

Objektif tout jefò OCR ap fè pou bay asistans teknik yo, se anpeche vyolasyon lwa sou dwa sivil yo. Se poutèt sa li ede enstitisyon ki resevwa finansman yo aplike lwa yo, epi li ede benefisyè yo konprann dwa yo genyen. Kòm gen plizyè milyon elèv ki bezwen pwoteksyon lwa sou dwa sivil yo, OCR rekonèt li pa kapab mennen batay la poukont li, pou rete diskriminasyon ilegal nan edikasyon. Premye bezwen ki genyen, se pou elèv yo, paran yo, ak edikatè yo gen ase konesans ak konpetans pou yo anpeche diskriminasyon an rive depi nan papòt.

OCR bay asistans pou pèmèt enstitisyon yo aplike prensip yo, pandan y ap travay sou yon plent oswa pandan y ap fè yon revizyon sou aplikasyon prensip yo. Epi tou, OCR gen yon gwo pwogram ki pran dispozisyon davans pou bay tout kote asistans teknik, avèk plizyè metòd tankou konsiltasyon nan lekòl, klas pou fòmasyon, atelye, reyinyon, ak patisipasyon nan konferans. Yon lòt sèvis OCR fè, se bay enfòmasyon epi ede lòt ajans federal, ajans edikasyon nan nivo Eta ak nivo lokal, òganizasyon kominotè, paran, elèv ak piblik la an jeneral, lè yo mande asistans.

Gen anpil biwo OCR ki fòme ekip pou sèvis kliyantèl, pou yo kapab reponn pi byen nan sèvis patnè ak asosye nou yo, ak moun nan piblik la. OCR kreye yon paj akèy sou entènèt nan adrès <http://www.ed.gov/ocr>, ki konekte tou ak sit entènèt Depatman an.

### **Pwoblèm pou nou rezoud pi devan**

An menm tan nou rekonèt pwogrè nou fè nan aplikasyon lwa sou dwa sivil yo, nou rekonèt tou, gen moun nan peyi a ki pa jwenn tout opòtinite yo ta dwe genyen nan edikasyon. Gen

règleman ak prensip k ap aplike toujoue ki refize bay moun andikape, fanm, ameriken ki gen anpil laj, oswa moun ki nan minorite rasyal oubyen ki pa pale lang peyi a byen chans pou yo patisipe nan bon jan fòmasyon ak pwogram. Pou Etazini kapab pare pou demen, nou bezwen pran aksyon ki veye sou aplikasyon pwogram sou dwa sivil yo, tankou chans egal, bon jan edikasyon, epi estanda ki wo pou tout elèv nan peyi a.

### **Pou kontakte OCR**

Gen yon Ekip pou Sèvis Kliyantèl ki reponn nan sèvis telefòn pou piblik la, ki nan biwo nasyonal OCR la. Moun ki telefone nan liy dirèk pou asistans la konn mande enfòmasyon sou plizyè kesyon ki an rapò avèk lwa sou dwa sivil yo, sou prensip OCR swiv ak sou direktiv li yo, epi sou aksyon OCR pran pou fè aplike lwa yo.

Pou plis enfòmasyon sou lwa Ajans pou Dwa Sivil la fè aplike, oubyen sou jan pou w pote yon plent sou kesyon dwa sivil, oubyen sou jan ou kapab mande asistans teknik, ou mèt kontakte biwo pou aplikasyon lwa ki sèvi nan Eta ou rete a, oswa biwo ki sèvi pou Teritwa Etazini an. Ou kapab kontakte biwo pou aplikasyon lwa yo nan adrès entènèt sa a:  
<http://www.ed.gov/ocr/contactus.html>.

Pou plis enfòmasyon:

**Nimewo liy dirèk pou asistans OCR: 1-800-421-3481; TDD: 877-521-2172 (liy pou moun ki soud ak bèbè)**

**Adrès elektwonik:** [OCR@ed.gov](mailto:OCR@ed.gov)

**Sit entènèt:** <http://www.ed.gov/ocr>